



## Kat Rezime sou Pèfòmans Gadri Kesyon Moun Poze Souvan

### **Kisa kat rezime pou pèfòmans la ye?**

Kat rezime sou pèfòmans se yon obligasyon [Lwa Eta New York](#) epi se [Depatman Sante Eta New York ki bay li](#). Kat sa a montre enfòmasyon enpòtan konsènan yon pwogram gadri an gwoup, tankou kantite ane l ap travay, kote li ye a, ak kantite timoun pwogram nan ka okipe.

### **Ki kote yon pwogram gadri ta dwe afiche kat rezime sou pèfòmans la?**

Responsab gadri an gwoup yo ta dwe mete kat li nan antre pwogram yo an, nan yon distans 2 pye oswa pi piti ak pòt antre yo a oswa nenpòt lòt antre prensipal, epi nan yon wotè ant 4 ak 6 pye. Kat la dwe fasil pou paran ak lòt moun k ap antre nan espas pwogram nan kapab wè li.

- Pwogram ki gen pwòp bilding yo ka mete kat la nan fenèt ki kote antre ki deyò a oswa nan vestibil ki akote antre ki andedan an.
- Pwogram ki anndan pi gwo bilding yo ka mete kat la nan koulwa a akote antre pwogram nan.
- Pwogram ki gen plizyè antre yo dwe mete kat la akote antre prensipal la.

Si yon pwogram toujou pa sèten ki kote pou mete kat la, nou ankouraje yo rele biwo minisipalite yo, ki ka ede yo selon ka yo.

### **Kilè yon pwogram gadri oblije afiche kat la?**

Pwogram yo dwe afiche kat la avan 1ye fevriye 2018. Depatman Sante ap bay sitasyon pou gadri ki pa afiche kat la kòmanse 1ye avril 2018.

### **Èske yon pwogram gadri ka afiche yon fotokopi oswa vèsyon faks kat la?**

Non, pwogram lan dwe afiche kat orijinal Depatman Sante a te bay la.

### **Èske pwogram gadri ka mande yon nouvo kat?**

Wi, pwogram nan ka rele 311 pou mande yon nouvo kat nan men Depatman Sante. Kou yo resevwa kat la, pwogram nan dwe afiche li san pèdi tan. Nou dwe detwi kat ki ekspire yo.

### **Èske yon pwogram gadri ka retire kat la?**

Se sèlman si y ap ranplase yon ansyen kat ak yon nouvo kat y ap ka ranplase li.

### **Kisa yon pwogram gadri dwe fè si kat la domaje oswa chire?**

Pwogram nan ta dwe rele 311 pou mande yon kat ranplasman nan men Depatman Sante. Apre li resevwa yon demann, Depatman Sante pral voye pwogram nan yon imèl ak konfimasyon. Pwogram yo ta dwe kenbe imèl sa a an ka ta gen enspeksyon pandan y ap tann yon kat ranplasman. Yon enspektè pral bay yon vyolasyon paske ou pa te aiche kat rezime sou pèfòmans lan si pwogram nan montre enspektè a imèl ak konfimasyon an. Tanpri sonje li ka pran jiska 14 jou travay pou resevwa yon nouvo kat.

### **Kisa yon pwogram gadri ta dwe fè si li panse enfòmasyon ki sou kat la pa kòrèk?**

Pwogram nan dwe rele 311. Si, apre yo egzaminen li, Depatman Sante a detèmine gen enfòmasyon ki pa kòrèk sou kat la, pwogram nan pral resevwa yon kat revize. Pwogram nan ta dwe kontinye afiche kat orijinal la jiskaske yo resevwa yon kat revize.

### **Poukisa nimewo ki akote "Kantite Timoun yo ka Bay Swen" an diferan ak kantite timoun ki enskri nan pwogram nan?**

Nimewo ki akote "Kantite Timoun yo ka Bay Swen" an se kantite maksimòm timoun pwogram nan ka pran selon espas ki disponib pou gadri a ak laj timoun yo. Nimewo sa a ka diferan ak kantite timoun ki enskri.

### **Poukisa nimewo ki akote "Manm Pèsonèl Ansèyman" an diferan ak kantite manm pèsonèl k ap travay nan pwogram nan?**

Manm pèsonèl ansèyman yo se direktè edikasyon, direktè ansèyman, gwoup pwofesè ak asistan pwofesè k ap travay nan pwogram nan. Nimewo ki akote "Manm Pèsonèl Ansèyman" an se kantite manm pèsonèl pwogram nan ki te fè dènye enspeksyon yo oswa kantite pwogram Depatman Sante a te bay yo. Si gen plis oswa mwens manm pèsonèl pase sa yo ki sou kat la, pwogram nan ta dwe rele 311. Yon fwa dosye Depatman Sante yo ajou, pwogram nan pral resevwa yon kat revize pou afiche.

### **Ki pwogram gadri ki te resevwa kat rezime sou pèfòmans yo?**

Pwogram gadri an gwoup Atik 47 nan Kòd Sante Vil New York kontwole yo te resevwa kat rezime sou pèfòmans.

### **Poukisa mwaye pati anba kat pèfòmans la vid?**

Pandan 2018, Depatman Sante a ap ranpli sèlman mwaye anwo kat la. Kòmanse nan 2019, pwogram ki te gen yon pèmi pou omwen yon (1) ane ap resevwa yon kat ki gen enfòmasyon nan seksyon anba a.

### **Ki enfòmasyon ki pral genyen nan mwaye anba kat rezime sou pèfòmans la?**

Mwaye anba kat la ap montre enfòmasyon konsènan vyolasyon pandan 12 mwa ki sot pase yo.

Enfòmasyon sa yo ap gen ladan yo:

- Kantite mwayèn vyolasyon ki pi grav yo te jwenn pandan enspeksyon inisyal pwogram sa a ak nan pwogram gadri an gwoup nan tout vil la
- Kantite mwayèn lòt vyolasyon yo te jwenn pandan enspeksyon inisyal pwogram sa a ak nan pwogram gadri an gwoup nan tout vil la
- Kantite total vyolasyon ki pi grav yo te jwenn pandan enspeksyon inisyal pwogram sa a pandan 12 mwa ki sot pase yo.

### **Kisa yon enspeksyon inisyal ye?**

Yon enspeksyon inisyal se yon enspeksyon ki pwograme regilyèman, san yo pa anonse l, pou yon pwogram gadri an gwoup. Chak pwogram gadri ap resevwa omwen de (2) enspeksyon inisyal chak 12 mwa. Gen de (2) kalite enspeksyon ki **pa** enspeksyon inisyal: yon enspeksyon pou wè si yo te regle yon vyolasyon oswa yon enspeksyon ki reponn pou yon plent Depatman Sante te resevwa. Rapò enspeksyon enspektè sante a bay pwogram nan, epi ki sou Child Care Connect, pral endike kalite enspeksyon an.

**Ki sa yon kantite mwayèn vyolasyon ye?**

Pou kalkile mwayèn nan, yo divize kantite total vyolasyon yo te jwenn pandan enspeksyon inisyèl pa kantite enspeksyon inisyèl pandan 12 mwa ki sot pase yo. Pa egzanp, si yon pwogram gadri te gen twa (3) enspeksyon inisyèl pandan 12 mwa ki sot pase yo epi li te resevwa yon (1) vyolasyon nan premye enspeksyon an, de (2) vyolasyon nan dezyèm enspeksyon an epi zewo (0) vyolasyon nan twazyèm enspeksyon an, kantite mwayèn vyolasyon an se youn (1):  $(1 + 2 + 0) \div 3 = 1$ .

**Ki sa rezime sispansyon an ye?**

Yo bay rezime sispansyon an bay nenpòt pwogram gadri Depatman Sante a te fèmen nan twa (3) dènye ane yo. Rezime a bay dat pou fèmen, rezon pou fèmen an ak dat Depatman Sante a pèmèt pou pwogram nan re-louvri.

**Poukisa Depatman Sante a t ap fèmen yon pwogram gadri?**

Kèk rezon kifè yo sispansyon pwogram yo souvan se yon pèmi ki ekspire, manm pèsònèl ki pa kalifye, prèv gen rat epi timoun yo pa sipèvize. Apre pwogram gadri a korije vyolasyon yo te jwenn pandan enspeksyon an, Depatman Sante ap pèmèt pwogram nan re-louvri.

**Si yon pwogram gadri resevwa yon rezime sispansyon, ki kote yo ta dwe afiche li?**

Pwogram nan dwe afiche rezime sispansyon an nan mitan antre a, toupre kat rezime sou pèfòmans la yon kote l ap fasil pou wè.

**Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou rezilta enspeksyon yon pwogram?**

Ale sou [Child Care Connect](#) pou wè dosye enspeksyon yon pwogram epi konpare rezilta pwogram nan ak lòt pwogram gadri toupatou nan tout vil la.